



# SEKRETARYA FON POU REBATI AYITI

SA KI NAN TI LIV  
ANYEL FRH LA

2010/2011



## Sekretarya Fon pou Rebatl Ayiti

Nouvèl Primati, Bisantnè

Pòtoprens, Ayiti

Tel: (509) 2519-3131

Imèl: [info@haitireconstructionfund.org](mailto:info@haitireconstructionfund.org)

[www.haitireconstructionfund.org](http://www.haitireconstructionfund.org)

[www.fondsdereconstructiondhaiti.org](http://www.fondsdereconstructiondhaiti.org)



**Haiti Reconstruction Fund**  
A Fund for Recovery, Reconstruction and Development of Haiti



Foto ki sou paj kouvèti a se yon koutwazi Diego Osorio, Senior Operations Officer, HRF; Denis Dufresne, Communications Director, IHRC; Saran Koly, Communications Officer, UNDP; Emmanuel Noel, IOM



anwo a dwat: koutwazi Diego Osorio, Senior Operations Officer, HRF  
anwo: koutwazi Emmanuel Noel, IOM

“*Paske li reponn byen vit tout sa Komisyon Enterimè pou Rebati Ayiti a mande, FRH chanje yon pati nan èd kominoté entènasyonal la an investisman ki bay rezilta, bon gesyon ak yon pi gwo kapasite pou byen pèp Ayisyen an”*

**PREZIDAN FRH AK MINIS FINANS KI PWALE A , RONALD BAUDIN**

### PWEN KI ENPÒTAN

Nan premye lane fonksyonman l, Fon pour Rebati Ayiti a rive enpoze tèt li kòm:

- Pi gwo sous finansman non alwe pou rebati Ayiti, 20 pousan nan finansman total pou rekonstrisyon an se Fon an ki te pote l.
- Yon patenarya entènasyonal Gouvènman ayisyen ap dirije ansanm ak Komisyon Enterimè pou Rebati Ayiti, komisyon sa a defini ki priorite ki pral jwenn finansman.
- Yon mekanis efikaz pou ranmase lajan (US\$352 milyon rive jounen jodi a) epi redistriye fon yo pou rekonstrisyon an (US\$237 milyon pou katòz aktivite).
- Yon mwayen pou konble kòm sadwa lajan manke dekwa pou rive gen yon rekonstrisyon byen balanse.

### KISA FON POU REBATI AYITI A YE (FRH)?

De mwa apre tranblandtè kraze brize 12 janvyè 2010 la, Gouvènman peyi D'Ayiti (GOH) te mande Bank Entèamerikèn Devlopman, Nasyonzini ak Bank Mondyal pou met sou pye yon mekanis finansman multilateral yo rele Fon pou Rebati Ayiti (FRH). FRH la ap mobilize, kòdone epi distribye fon pou ede Plan Daksyon pou Relèvman ak Devlopman Nasyonal GoH la te genyen. GoH la te mande pou se Asosyasyon Devlopman Entènasyonal (AID) ki chita nan Bank Mondyal ki vin Fidisyè Fon an.

FRH la te met kontribisyon bayè yo ansanm nan lide pou finanse aktivite priorite yo jan Komisyon Enterimè pou Rebati Ayiti (CIRH) mande l lan non GoH la e ki jwenn apwobasyon Komite Pilotaj FRH la. Pou demand ki mwens pase US\$ 1 milyon, gen yon pwosesis ki senp pou bay apwobasyon ansanm ak yon pwosedi ki rapid. FRH la kapab finanse aktivite sila yo ki nan sektè sa yo : enfraestrikti, sèvis, devlopman kominotè, anviwònman, aktivite ki bay travay, epitou èd bidjetè. Se youn oswa plizyè ajans degzeki-



syon ki reyalize aktivite yo e se yon Antite Patnè (Sosyete Finansyè Entènasyonal, Bank Entèramerikèn Devlopman, Òganizasyon Nasyonzini oubyen Bank Mondyal) ki evalue yo.

Se yon Komite Pilotaj ki ap dirije FRH la, se Minis Finans la ki te prezide l e li fòme ak reprezantan GoH la, gwo bayè yo, Antite Patnè yo, Fidisyè a epitou ak obsèvatè sosyete sivil ayisyèn nan, Gouvènman lokal, sektè prive a, Dyaspora a ak ONG entènasyonal yo. Nan premyè lane li te egziste, Komite Pilotaj la te reyini sis fwa pou reponn demand finansman CIRH la e li te deside bay US\$237 milyon pou aktivite rekonstrisyon yo.

**KIJAN FRH LA AP FONKSYONE?**

Objektif Fon an se ede mobilizasyon, kòdinasyon ak distribisyon kontribisyon yo dekwa pou lavi miyò an Ayiti epitou kore kapasite GoH la sou yon tan ki long. Pou rive jwenn objektif sa a, FRH la fe kòdinasyon aktivite yo ak GoH la, sitou ak CIRH la. Lè yo met ansanm chak kontribisyon bayè yo fè, sa vin pèmèt finansman aktivite priyorite yo ki jwenn èd nan men CIRH ansanm ak apwobasyon Komite Pilotaj FRH la.

Tout pwopozisyon ki respekte kritè elijibite sila yo ap kapab prezante tèt pou jwenn yon finansman nan men FRH:

- Jwenn apwobasyon CIRH la;

- Respekte Plan Relèvman Gouvènman peyi D'Ayiti a oubyen yon dokiman menmjan pou relèvman, rekonstrisyon ak devlopman ki jwenn apwobasyon nan men Gouvènman ayisyen an;
- Fèt yon jan pou l reponn a yon bezwen finansman estratejik nan rekonstrisyon an;
- Konfòm ak politik epi strateji Fon an;
- Pèmèt Ayiti relve tèt li kòm sadwa, rapidman e sou yon tan ki long, e yo dwe fini pandan peryòd tan Fon an ap egziste (jwen 2010 – desanm 2017)
- Ekri sou baz modèl Nòt pou Ekri Pwojè (NCP) CIRH la genyen; epitou
- Mache nan menm lojik ak politik e pwosedi Antite Patnè a menjan tou ak manda Fidisyè a.

Pwosesis pou yo apwouve sibvansyon yo gen kèk etap senp ki sou Desen 1 an. Pou fè yon demand finansman devan FRH, yon ajans degzekisyon ap prezante swa yon NCP dapre modèl CIRH la oubyen yon dokiman konplè pwojè a pou CIRH bay dizon l. Apre yo fin egzaminen pwojè a, CIRH la ap transmèt pwojè li apwouve yo e ki jwenn yon Antite Patnè bay Komite Pilotaj FRH la (CP) pou egzamen epi posiblite finansman. Pou pwopozisyon pwojè ki konplè yo, yo kapab fè rapid, depi CP a apwouve finansman an, yo ap transfere lajan an bay Antite Patnè dekwa pou pou pwojè egzekite san pèdi tan. Pwopozisyon ki toujou nan stad NCP

yo, ap jwenn yon apwobasyon sou kondisyon. Apwobasyon final la ap posib sèlman lè dokiman pwojè a konplè vin jwenn non-objeksyon CP a menmjan tou fòk li jwenn apre sa apwobasyon final CIRH la. Nan lide pou bay demand finansman yo yon repons kòm sadwa, FRH adopte estanda ki acheval sou lè prensip pou bay bonjan rezilta nan chak etap pwosesis apwobasyon an. Met sou sa, pwosedi yo met an plas yo bay CP a posiblite pou fè apwobasyon vityèl sou dokiman pwojè yo.


**KIJAN YO TE SÈVI AK FON FRH YO?**

Nan premyè lane fonksyonman l, FRH la te mobilize kontribisyon pou yon total US\$352 milyon ki sòti nan men 19 bayè, nan lajan sa yo te resevwa US\$335 mily-

on. Brezil te premye bayè ki te bay US\$55 milyon; Etazini se pi gwo bayè a (US\$120 milyon) e kat lòt bayè te bay pou pi piti yon kontribisyon US\$30 milyon (Kanada, Lespay, Japon ak Nòvèj).

Komite Pilotaj FRH la te distribye US\$237 milyon (71 pousan) nan resous disponib yo bay katòz aktivite rekonstrisyon CIRH konsidere tankou priyorite (tablo 1). Rès US\$2.98 milyon yo te kouvri depans fonksyonman Fon an ki pase pa bidjè administratif Fidisyè a ak Sekretarya a. Nan pami resous sa yo, yo te deja transfere US\$197 milyon (83%) bay Antite Patnè yo pou fè reyalizasyon yo. Antite Patnè yo, sou bò pa yo te dekesse US\$35 milyon (18%) nan resous ki te transfere ba yo.

**DESEN 1: PWOSESIS POU APWOUVE SIBVANSYON FRH**



dwat: koutwazi Emmanuel NOEL  
anwo: koutwazi Mlle Saran Koly, Communication Officer, UNDP



### KISA FRH REYALIZE?

Nan premye lane fonksyonman l, Fon pou Rebati Ayiti a te vin tounen:

- Pi gwo sous finansman non alwe pou rekonstriksyon Ayiti. Sou US\$4.58 milya finansman sibvansyon ki te bay pou rebati Ayiti, US\$1.74 milya te dekese nan mwa jwen 2011. Nan kantite lajan sa a, 20 pousan te pase pa FRH sou baz non alokasyon.
- Yon patenarya Entènasyonal anba direksyon GoH ak CIRH. Gouvènman an prezide Komite Pilotaj FRH la alòske CIRH la defini kilès nan aktivite yo ki ta dwe jwenn lajan an premye.
- Yon mekanis ki bay bonjan rezilta nan ranmase lajan (US\$352 milyon jouk

jounen jodi a) epi distribye lajan pou rekonstriksyon an (US\$237 milyon sou premye lane a). Sou baz sa yo, FRH te kenbe pèfòmans sa a pou pi fò fon pou rekonstriksyon ak relèvman.

- Yon mwayen pou konble feblès finansman yo yon manyè estratejik dekwa pou rive genyen yon rekonstriksyon ki byen balanse. FRH bay pi fò resous yo bay sektè priyorite ki se lojman ak jesyon dekonb e ki te ede konble diferans enpòtan nan rediksyon risk dezaz, rekonstriksyon ak finans piblik.
- Yon mekanis efikas ak pwosedi ki rapid, soup avèk depans fonksyonman ki fèb. FRH adopte estanda pèfòmans ki pananrans pou afektasyon ak tranfè fon yo an

menm tan li angaje depans administratif konparatif non alwe yo.

Pou sa ki gen pou l wè ak rezilta sou teren an, Antite Patnè yo fè rapò sou rezilta enpòtan pwojè ki jwenn finanman nan men FRH:

**Kapasite Bati pou Jesyon Risk ak Dezaz** – te pèmèt evalye 600 abri ki la pou evakwasyon, menmjan tou pou reyabilitasyon oubyen rebati 15 abri priyorite.

**Jesyon Dekonb** – yo retire dekonb nan twa kominote priyorite ak 39 benn sou plas.

**Pwojè Rediksyon Dezaz nan Depatman Sid** – 60 òganizasyon plantè te mobilize pou pwoteksyon anviwònman an ak sekirite lamanjay.

**Operasyon Devlopman Politik Dijans la** – diferans nan finansman bidjè GoH la pou lane fiskal 2010 la te konble gras a operasyon kofinansman sa a.

**Bèse Dezaz nan Depatman Sid la** – preparasyon plan jesyon basen vèsan yo ap gen pou fasilite suivi investisman yo.

**Fon pou Garanti mòso nan Kredi a** – demand preliminè yo pou garanti sektè finansye a letid koulye a.

**Pwogram Devlopman Dirab nan Sidès** – 32 aktivite pwojè ap egzekite koulye a.

### KI LESON AK BÈL OKASYON KI AP BOUJONNEN

Alòske Fon pou Rebati Ayiti a ap met yon bout nan premye lane fonksyonman l, yo

kapab wè aklè kèk leson sou finansman rekonstriksyon. Sa gen ladan:

**Valè lidèchip ayisyen an** – wòl lidè GoH ak CIRH ap jwe te pèmèt FRH deside rapidman kilès nan priyorite pou rebati Ayiti yo ki merite finans.

**Mizadispozisyon finansman estratejik** – Lè nou konsidere se pi gwo sous finansman ki pa alwe, pi bon itilite FRH la se chèche satisfè bezwen ki pa satisfè yo dekwa pou objektif ki pi enpòtan yo rive reyalize.

**Enpòtans yon estrateji pou finansman** – CIRH pozisyon tèt li: li sòti nan yon apwobasyon ad hoc ak transfè aktivite ki pa finans pou rive nan sitiyasyon kote FRH la vin yon mwayen pou kore pwojè ki pi enpòtan yo yon fason pou l konkretize objektif sektoryèl li yo.

**Estanda ak pwosedi ki fèt aklè** – tabli epi suiv pwosedi klè ak estanda pou bonjan rezilta, se sa ki pèmèt FRH bay finansman san pèdi tan depi li resevwa yon demand.

**Souplès nan desizyon ki ap pran yo** – Menlè reyinyon fòmèl Komite Pilotaj FRH la fèt an menm tan ak reyinyon Konsèy CIRH la, li posib pou jere travay la kòm sadwa gras a desizyon vityèl.

**Pwosesis rapid** – gen mwayen pou jwenn pi bon rezilta yo sa vle di yon evalyasyon pi rapid sou aktivite Antite Patnè ap menmen, prezantasyon pwopozisyon konplè nan CIRH la olye se nòt pou ekri pwojè yo epitou elimine etap kote CIRH fè apwobasyon final aktivite ki jwenn resous



**TABLO 1: DESIZYON POU FINANSMAN KIMILATIF (AN MILYON DOLA AMERIKEN)**

MIZAJOU NAN DAT 30 JWEN 2011

AKTIVITE			
PWOJÈ	TIT	ANTITE PATNÈ	
	Pwojè Devlopman Politik Operasyonèl dijans an Ayiti	BM	25.00
	Pwogram pou tabli yon Fon Garanti pa mòso	BID	12.50
	Pwojè Jesyon Dekonb	ONU	16.95
	Pwogram Devlopman dirab nan Sidès peyi d'Ayiti	ONU	8.00
	Rediksyon Risk ak Dezas nan Depatman Sid	ONU	8.00
	Rediksyon Dezas Natirèl nan Depatman Sid	BID	14.00
	Rebati Sektè Ledikasyon an	BID	10.00
	Ranfòse Kapasite yo pou jere Risk ak Dezas yo	ONU	2.00
	Demolisyon ak leve Dekonb ak gwo Machin	ONU	25.00
	Pwojè Rebati lojman Kominotè nan Pòtoprens	BM	65.00
	Pwogram k ap kore Rebati Kay ak Kominote yo a/	ONU	24.67
	Plan Prevansyon Tranblemandtè pou Nò peyi D'Ayiti	ONU	9.96
	Pwogram pou kore kapasite CIRH	ONU	1.00
	Operasyon pou kore Bidjè sible a/	BM	15.00
		Sou-Total	237.08
FRÈ	Pwojè Jesyon Dekonb	ONU	1.27
	Pwogram Devlopman Dirab nan Sidès Peyi Dayiti	ONU	0.60
	Rediksyon Risk ak Desas nan Depatman Sid	ONU	0.60
	Ranfòse Kapasite yo pou jesyon Ris ak Desas	ONU	0.11
	Demolisyon ak leve Dekonb ak gwo Machin	ONU	1.87
	Pwogram k ap kore Rebati Kay yo ak Kominote yo a/	ONU	1.84
	Plan Prevansyon Tranblemandtè pou Nò Peyi D'Ayiti	ONU	0.74
	Pwogram pou kore kapasite CIRH	ONU	0.07
		Sou-Total	237.08
BIDJÈ	FY11 Sekretarya		1.10
ADMINIS- TRATIF	FY11 Fidisyè		0.59
	FY12 Sekretarya		1.00
	FY12 Fidisyè		0.30
		Sou-Total	2.98
		TOTAL	247.17

a/ Montan lajan sa yo yo te mete sou kote apre Komite Pilotaj la te fin dakò ak Nòt pou Ekri Pwojè a epi non-objeksyon dokiman konplè pwojè a ansanm ak akseptasyon final nan men CIRH la.



Koutwazi Mlle Saran Koly, Communication Officer, UNDP

nan men FRH la.

**Preferans** – lè nou konsidere preferans bayè yo kapab genyen pou kèk sektè, zòn ak Antite Patnè yo an patikilye, sa kapab fè ke Fon an gen mwens posiblité pou l satisfè priyorite Gouvènman an e sa pa rantre nan liy bòn pratik efikasité èd la.

**Valè ajoute** – FRH kapab al pi lwen nan wòl zouti finansye l ap jwe a dekwa pou l fè sikile kreyativité, analiz ak balansman èd la.

**Efikasité ak tranparans** – Menmsi FRH rive kenbe depans jeneral yo ba, depans pou jere epi prepare pwojè yo ansanm ak bezwen kontwòl yo, fèt pou dekri epi bidjetize san manke.

Nan dezyèm lane fonksyònman l, FRH la dwe konsantre l pou: a) reponn demand GoH an pou finance bezwen priyorité yo; b) mobilize lòt kalite kontribisyon, met ladan kontribisyon bayè ki pa tradisyonèl yo kapab pote epi c) analize e fè rapò sou dekesman fon Antite Patnè yo fè. Nan mo-

man sa a, FRH la ap gen pou l fè fas kare ak defi sa yo:

- Mete vitès nan sèvi ak fon ki disponib yo pou rekonstriksyon an anmenm tan pou li sèten sou afektasyon estratejik yo epitou sou ranfòsman kapasité GoH la.
- Dekouraje bayè FRH ki la yo ak sila ki ap vini yo ki vle enpoze sa yo pito pou reyalize ak kontribisyon pa yo, yon fason pou GoH la gen yon maksimòm latitud pou l sèvi ak resous FRH yo pou finance priyorité yo.
- Ankouraje Antite Patnè yo toujou kenbe lespri ijans lan epi sèvi ak pwosedi rapid yo pou yo sa prepare epi egzekite aktivite yo.
- Defini ansanm ak GOH la ki posiblité ki genyen pou kreye yon rezèv fon ki pa alwe dekwa pou reponn demand finansman yo ki ap vini lan twazyèm lane a e pi lwen toujou.
- Rale lòt kalite kontribisyon bayè yo konsa pou kapab alimante pwojè rekonstriksyon yo ki pa gen finansman.

*Fon pou Rebati Ayiti ap jwe wòl li gen pou l jwe nan pote patisipasyon pa li nan jefò rekonstriksyon an menmtan li ap ede divès pwojè pami yo gwo operasyon ranmase dekonb koulye a ki la eptou bay gouvènman an resous li bezwen anpil apre tranblemandtè a.... An patenarya ak enstitisyon tankou Fon pou Rebati Ayiti, nou pran angajman pou nou bati pi byen pou byen ak kontantman pèp ayisyen”*

**MICHEL JOSEPH MARTELLY, PREZIDAN D'AYITI**



Koutwazi Emmanuel Noel. IOM

POU JWENN PLIS  
ENFÒMASYON

**Sekretarya Fon pou Rebati Ayiti**

Nouvèl Primati, Bisantnè

Pòtoprens, Ayiti

Tel: (509) 2519-3131

Imèl: [info@haitireconstructionfund.org](mailto:info@haitireconstructionfund.org)

[www.haitireconstructionfund.org](http://www.haitireconstructionfund.org)

[www.fondsdereconstructiondhaiti.org](http://www.fondsdereconstructiondhaiti.org)